



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

**AVI 03/2020 – PPGRI**  
**PWOSESIS SELEKTIV POU ETIDYAN REGILYE 2021**  
**METRIZ NAN RELASYON ENTÊNASYONAL**

Koòdonatè Pwogram etid siperyè nan Relasyon Intènasyonal yo nan Universidade Federal da Integração Latino Americana, nonmen pa òdonans n° 218/2019/GR/UNILA, pibliye nan DOU n° 80, 26 avril 2019, nan egzèsis fonksyonl yo, rann piblik, atravè avi sa a, ouvèti pwosesis de seleksyon pou etidyan regilye 2020 pou Metriz nan Relasyon Intènasyonal yo nan Universidade Federal da Integração Latino-Americana.

## **1 DISPOZISYON INISYAL YO**

- 1.1 Metriz la piblik e gratis, pap gen okenn pèman frè nan okenn moman.
- 1.2 Tout faz pwosesis seleksyon an ka fèt an Pòtigè, Panyòl oubyen Anglè.
- 1.3 Tout faz pwosesis seleksyon an ap fèt an li-y

## **2. PLAS YO**

2.1 Y'ap ofri 20 (ven) plas gratis pou kòmanse ak aktivite yo em mas 2021, repati ant twò chan rechèch:

- 2.1.1 “Etid pou lapè, Dwa Moun ak Sekirite Entènasyonal”
- 2.1.2 “Devlopman ak Kapital Transnasyonal”
- 2.1.3 “Politik Etranje, Aktè ak Pwosesis Entènasyonal”.

2.2 Y'ap disponibilize 7 (sèt) plas de preferans pou chak liy rechèch mansyone nan pwen 1.1.

2.3 Konsidere dispozisyon ki nan Lwa n°. 12.189/2010, lwa Kreyasyon UNILA, nan atik 14 li a, pwen IV, osi byen ke dispozisyon stati UNILA, nan Atik 49, pwen II, ki gen pou wè ak total plas, de preferans 50% nan plas yo pou kandida brezilyen e 50% pou kandida ki gen lòt nasyonalite de preferans ki soti nan peyi Amerik Latin yo ak peyi Karayib yo, eksepte Brezil.

2.3.1 Si tout fwa tout plas yo pa rive ranpli, rès plas yo kapab redistribiye.

2.4 Sou tout total plas yo, 6 (sis) ladann ap pou plas rezèv kandida nan modalite sa yo: Plas rezèv pou moun nwa ak klè ; Plas rezèv pou Refijye ak moun ki gen visa Imanitè yo; Plas rezèv pou moun endijèn vilaj nan peyi sa yo: Ajantin; Brezil, Bolivi; Chili; Kolonbi; Irigwe; Venezyela; Paragwe; Ekwatè oswa Pewou.



2.4.1 Kandida ki vle aplike pou plas ki nan atik 1.4 la, ap kapab chwazi sèlman youn nan modalite plas rezèv yo.

2.5. Plas yo nan pwosesis selektiv la, òganize fason sa :

<b>Tablo Rezime Plas yo pou PPGRI</b>	
Plas pou gran konkirans	14 Plas
Plas rezèv pou moun nwa *	4 Plas
Plas rezèv pou moun endijèn*	1 Plas
Plas rezèv pou admisyon etidyan pou rezon imanité, refijye ak titilè visa Imanité yo*	1 Plas

\* Si tout fwa pa gen ase kandida ki pase an kantite sifizan pou plas rezèv yo kapab ranpli, plas remanesan yo ap rete pou gran konkirans la e ap ranpli pa lòt kandida ki pase , baze nan lòd klasifikasyon nan pwosesis selektiv.

2.6 Nan ka ke yon liy rechèch pa ranpli pa tout plas ki destine pou li yo, yo ka ranpli ak kandida ki pase nan yon lòt liy rechèch.

2.7 Li pa obligatwa pou tout plas yo ranpli

2.8 PPGRI ka rele kandida ki klasifye an plis ke kantite plas ki prevwa a, ki ap depann de disponibilite de plas.

### **3. PLAS RESÈV YO**

#### **3.1 Plas Resèv pou moun (nwa ak klè)**

3.1.1 Konsidere òdonans nòmatif Ministè Edikasyon an n°. 13 nan dat 11 Me 2016, pwogram sa a asire 4 (kat) plas pou kandida nwa nan pwosesis selektiv sa a.

3.1.2 Pou aplike pou plas rezèv, kandida a dwe, nan moman enskripsyon an, tcheke opsyon ke li vle aplike pou plas ki destine pou kandida (nwa oswa klè), pou deklare ke yo se nwa / koulè nwa oswa klè, an konfòmite ak kesyon koulè oubyen ras ki itilize pa Fundação Instituto Brasileiro de Geografia e Estatística – IBGE.

3.1.3 Kandida ki pa tcheke opsyon ki gen pou wè ak sou pwen 2.1.2 a, aplique sèlman pou plas gran konkirans la.

3.1.4 Kandida nwa yo ap konpeti otomatikman plas ki destine pou gran konkirans la, selon klasifikasyon yo nan pwosesis seleksyon an.

3.1.5 Kandida nwa yo ki pase nan kantite plas ki disponib nan modalite gran konkirans la, pap kapab ranpli plas rezèv pou kadida nwa yo.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

3.1.6 Nan ka dezistans yon kandida nwa ki passe nan plas rezèv, plas la ap ranpli pa kandida nwa ki vin aprè a.

3.1.7 Verasite enfòmasyon yo, se ap sèl responsablite kandida a, ki kapab reponn, nenpòt ki lè, si yo bay enfòmasyon ki pa vre oswa fo dokiman yo itilize, pou yon krim kont lafwa piblik la, ki ka lakòz eliminasyon kandida a nan seleksyon piblik e ki aplike tou dispozisyon ki nan sèl paragraf nan Atik 10 nan Dekrè N. 83.936 / 1979.

3.1.8 Si tout fwa pa gen ase kandida nwa ki pase an kantite sifizan pou kapab ranpli plas rezèv yo, plas remanesan yo ap rete pou modalite gran konkirans e ap ranpli pa lòt kandida ki pase yo, ki ap baze nan lòd klasifikasyon nan prosesis selektif la.

3.1.9 Ranpliman plas yo ki destine ak kandida nwa yo ap fèt nan lòd kwasan nòt ke kandida a fè , atravè yon lis klasifikasyon espesifik.

3.1.10 Kandida yo ki pase nan pwosesis selektif la, yo kapab rele yo nenpòt ki lè pa avi espesifik pou konfime oto-deklarasyon ke yo te ranpli pandan pwosesis enskripsyon an.

3.1.11 Konfimasyon an ap fèt avèk Komite Verifikasyon an, ki pral verifye verasite oto-deklarasyon an.

3.1.12 Tout Kandida yo konvoke yo sipoze parèt nan dat ke PPGRI enfòme a, pou konfimasyon oto- deklarasyon an akonpanye ak yon dokiman idantite ofisyèl.

3.1.13 Komite Verifikasyon an ap gen pou pran desizyon final sou pèmanans kandida yo, nan konkirans plas rezèv pou moun nwa yo, nan sans sa, pou verifikasyon verasite oto-deklarasyon an, y'ap considere sèlman aspè fenotip kandida yo.

3.1.14 Yon kandida ke, nan moman konvokasyon pou konfime deklarasyon an, ki pa prezante yon dokiman idantifikasyon ofisyèl, oubyen ki pa parèt oswa ki rive aprè lè yo etabli a, ap sèlman aplike pou plas nan gran konkirans la.

3.1.15 Kandida, yo konvoke nan avi ki gen pou wè ak pwèn 2.1.10 ki pa gen verasite oto-deklarasyon yo konfime pa Komite verifikasyon an, pral sèlman konpeti plas nan gran konkirans la.

3.1.16 Rezilta ki gen pou wè ak oto-deklarasyon prezansyèl la ap pibliye sou paj PPGRI (<https://portal.unila.edu.br/mestrado/ppgri>), atravè yon avi espesifik.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

3.1.17 Y'ap admèt rekou ki gen relasyon ak rezilta oto-deklarasyon prezansyèl yo, a kondisyon ke li diman gen fondman, yo sipoze voye pa e-mail Sekretarya PPGRI (secretaria.ppgri@unila.edu.br), jiska 2 (de) jou ouvrab aprè piblikasyon rezilta etap yo.

3.1.18 Nan klasifikasyon final la, kandida ki te anrejistre pou plas moun nwa yo, si li kalifye kapab parèt sou lis espesifik moun nwa e/oswa sou lis moun ki apwouve nan gran konkirans la, depi ke kondisyon li konfime pa Komite Verifikasyon an.

3.1.19 Plas ki destine pou rezèv kandida nwa yo pral ranpli ak sa ki apwouve yo nan lis espesifik kandida nwa yo, menm si nòt final yo enferyè pase nòt final kandida nan gran konkirans la.

3.1.20 Li pa nesèsè pou analize demann pou yon rekou pou plas rezèv moun nwa, pou kandida yo ki pat deklare kondisyon yo nan aplikasyon pou enskripsyon pwosesis seleksyon senplifye a.

### **3.2 PLAS REZÈV POU REFIJYE E TITILÈ VIZA IMANITÈ**

4.2.1 An konfòmite ak dispozisyon nan lwa 9.474/1997, an espesyal ki prevwa nan atik. 44; nan lwa 13.445/2017, an espesyal atik. 2º, pwèn X e dekrè 9.199/2017 ki kontwole; nan lwa 13.684/2018; Rezolisyon nòmativ nº.97/2012 nan konsèy Nasyonal Imigrasyon (CNlg); e Rezolisyon Nòmativ nº. 17/2013 komite Nasyonal pou refijye yo (CONARE), 1 (youn) plas rezèv pou refijye e titilè viza Imanitè pou plas ki destine pou antre etidjan lòt nasyonalite Latino-Ameriken e Karibeyen/e.

3.2.2 Kandida a pa sipoze gen nasyonalite brezilyèn, byenke binasyonal.

### **3.3 Plas pou Endijèn Vilaj.**

3.3.1 An Konfòmite ak dekrè 5.051/2004 e konsidere reyalite diferan nasyon yo ak tout pèp ki fè pati Amerik Latin ak Karayib la, an konsiderasyon peyi plirinasjonal an patikilye, yo rezève 1 (youn) nan plas yo ofri pou endijèn nan vilaj yo.

3.3.2 Kandida yo sipoze fè pati pèp endijèn viaj yo epi dwe baze nan teritwa brezilyen oswa nan teritwa youn nan peyi sa yo: Ajantin; Bolivi; Chili; Kolonbi; Irigwe; Venezyela; Paragwe; Ekwatè ak Pewou.

3.4 Nan ipotèz pa gen ase kandida ki pase pou ranpli youn nan modalite plas rezèv nan atik 1.4 la, plas remanesan yo ap redistribiye nan youn lòt modalite plas resèv.

3.4.1 Nan ka ke plas yo pa ranpli aprè repatisyon selon atik 3.4. plas remanesan yo ap redistribiye pou gran konkirans la.

## **4. INSKRIPSYON NAN PROSESIS SELEKTIV LA**



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

4.1 Enskripsyon pou Pwosesis Selektiv Pwogram Relasyon Entènasyonal (PPGRI), pou admisyon nan mwa mas 2021an, se gratis epi yo dwe fèt dapre kwonogram ki dekri nan Anèks I nan avi seleksyon sa a.

4.2 Pwosesis seleksyon an destine pou kandida ki fini etid siperyè yo nan nenpòt chan konesans.

4.3 Enskripsyon yo ap fèt inikman atravè sistèm elektwonik SIGAA - Sistèm entegre pou jesyon aktivite akademik yo ([https://sig.unila.edu.br/sigaa/public/processo\\_seletivo/lista.jsf?nivel=S&aba=p-strict](https://sig.unila.edu.br/sigaa/public/processo_seletivo/lista.jsf?nivel=S&aba=p-strict)).

4.4 Nan okenn ka, yo pap aksepte enskripsyon ki fèt pa yon lòt mwayen ki pa Sistèm Entegre pou Jesyon Aktivite Akademik (SIGAA) UNILA.

4.5 Aplikasyon yo ap aksepte sèlman nan delè ki etabli nan kwonogram nan (Anèks I) nan avi seleksyon sa a. Tout dokiman yo dwe voye nan moman enskripsyon an. Se tout responsablite aplikan an pou asirel, anvan li fin fè enskripsyon li an, ke li reponn konplètman ak règleman avi a.

4.6 Nan fen enskripsyon an, kandida a ap resevwa yon resi ak nimewo enskripsyon li nan pwosesis la, kel pral itilize kòm konfimasyon enskripsyonl nan pwosesis selektiv la.

4.7 Resi enskripsyon an li-y lan pa garanti olomogasyon otomatik enskripsyon kandida a. Olomogasyon enskripsyon an ap fèt sèlman aprè analiz dokiman yo. Enskripsyon ak dokiman ki manke yo ap rechte.

4.8 PPGRI ap aksepte yon sèl enskripsyon pa kandida.

4.8.1 Si tout fwa gen pwoblèm avèk enskripsyon an, kandida a dwe kontakte sekretarya PPGRI a pa kourye: [secretaria.ppgri@unila.edu.br](mailto:secretaria.ppgri@unila.edu.br)

4.9 PPGRI pa responsab pou anrejistreman atravè entènèt la, ke yo pa resevwa akòz rezon teknik nan òdinatè, echèk kominikasyon, konjesyon nan liy kominikasyon, osi byen ke akòz lòt faktè ki fè li enposib transfere done enskripsyon nan SIGAA UNILA.

4.10 Dokiman yo pou enskripsyon nan prosesesis seleksyon an:

4.10.1 Tout dokiman ki nan lis sou pwèn 3.10 yo obligatwa pou enskripsyon an epi yo ka prezante an Pòtigè, Panyòl oswa anglè epi yo dwe voye yo nan yon dosye elektwonik, nan fòm PDF.

4.10.1.1 Dokiman yo ki fèt nan yon lòt lang, ki pa mansyone, sipoze tradui e akonpaye avèk yon deklarasyon ki fèt ak pwòp men kandida a pou garanti verasite nan tradiksyon an.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

4.10.2 Fòmilè enskripsyon an “ligne” diman ranpli, endike yon liy rechèch ak de posib oryantè.

4.10.3 Pwojè rechèch (fòm A4, limit maksimòm de 10 paj, font Arial 12, espas 1.5 cm ant liy, tèks jistifye), estriktire fason sa a:

Tít
1 Entwodiksyon
1.1 Pwoblèm;
1.2 Ipotèz (yo)
2 Jistifikativ
3 Objektiv jeneral e Espesifik
4 Metodoloji
5 Fondamantasyon Teorik e revizyon literati
6 Kwonogram
7 Referans Bibliografik e lòt sous

4.10.3.1 Y’ap konsidere, pou efè limit maksimòm paj pwojè rechèch la, y’ap konsidere tèks ki soti nan " sou pwen 1 an “Entwodiksyon” jiska dènye a “Referans bibliyografik ak lòt sous”. Tèks ki depase limit sa yo, ap dekonsidere.

4.10.3.2 Pwojè ki depase limit paj ki etabli anwo a, y’ap dekonsidere otomatikman enskripsyon yo.

4.10.3.3 Pwojè a dwe voye san idantifikasyon otè a, paske evalasyon yo ap fèt nan sistèm blind review (evalyasyon avèg).

4.10.3.4 Kandida ki soumèt pwojè ak idantifikasyonl, y’ap refize otomatikman aplikasyon yo.

4.10.4 Kourikoulòm Lattes (obligatwa pou kandida / rezidan nan Brezil) oswa Kourikoulòm Vitae (pou kandida / moun ki pa rezidan nan Brezil epi ki pa chwazi enskri sou platfòm Lattes).

4.10.5 Diplòm oswa sètifika konklizyon kou siperyè, oswa sètifika posib finisman kou a ki fèt pa enstitisyon edikasyon an.

4.10.5.1 Nan ka yon kandida ki apwouve ki te prezante yon sètifika posib finisman kou a, dwe prezante diplòm nan oubyen sètifika kel fini kou siperyèl nan moman enskripsyon an.



4.10.6 Pou aplikan, ki enterese epi ki kalifye pou plas aksè afimatif yo, dwe endike kondisyon sa a nan sistèm enskripsyon an ligne nan Sistèm entegre Jesyon Aktivite Akademik (SIGAA) nan UNILA, osi byen ke atache, nan fòm lan nan moman enskripsyon an, modalite e priyoritel kel apwopriye epi atache dokiman sa yo:

4.10.6.1 Pou kandida nwa ( oswa klè): Otodeklarasyon sivil (Anèks III);

4.10.6.2 Pou kandida endijèn yo: Otodeklarasyon sivil (Anèks III) ak Deklarasyon apatenans kandida ak kominote endijèn ki sipoze siyen pa lidè yo (Anèks IV).

4.10.6.2.1 Deklarasyon apatenans la dwe akonpaye ak yon kopi dokiman lidèchip yo;

4.10.6.3 Moun ki gen yon viza imanitè oswa estati aplikan refijye rekonèt nan Brezil: Otodeklarasyon Sivil (Anèks III) ak Dokiman ki pwouve sityasyon legal yo nan Brezil.

4.10.6.3.1 Dokiman sa yo sèvi kòm dokiman sipò: Kat Nasyonal Migwatwa - CRNM (ansyen Rejis Nasyonal Etranje - RNE) oswa Pwotokòl ki soti nan Polis Federal la, ki gen enfòmasyon sou sityasyon migrasyon an nan Brezil e ki nan peryòd validite oswa Pwotokòl Refijye, an akò ak Rezolisyon CONARE Nòmativ No 18 04/30/2014 nan ka solisitan refijye oswa aplikasyon viza oswa pwotokòl aplikasyon Visa, nan ka aplikan viza imanitè.

4.10.7 Dokiman orijinal sipò yo dwe verifye obligatwaman nan moman enskripsyon an.

4.11 Kandida a se sèl responsab pou enfòmasyon yo bay yo, epi li se responsab pou nenpòt ki erè.

4.11.1 Enskripsyon ki nan dezakò avèk Avi sa a, enplike rejè demann lan.

4.12 PPGRI ap itilize sit entènèt Pwogram lan (<https://portal.unila.edu.br/mestre/ppgri>) kòm mwayen prensipal kominikasyon.

## 5. PWOSESIS SELEKTIV

5.1 Pwosesis seleksyon Metriz nan Relasyon Entènasyonal nan UNILA ap genyen twa faz, tout faz yo eliminatwa ak kalifikasyon.

### 5.2 PWEMYE FAZ: Analiz Pwojè Rechèch

5.2.1 Chak pwojè rechèch yo ap evalye pa de pwofesè PPGRI . Evalyasyon avèg (blind review): non kandida a pa idantifye.

5.2.2 Ap elimine otomatikman kandida ki fè nòt ki pi ba passe 7 (sèt) sou yon echèl ant 0 (zewo) a 10 (dis), kapab gen nòt fraksyone.

5.2.3 Rezilta a ap anonse nan lòd kwasan nimewo enskripsyon an.



5.2.4 Kritè yo pou faz sa nan Anèks VI.

### **5.3 Dezyèm Faz : Examen Ekri an Li-y.**

5.3.1 Dezyèm etap nan pwosesis seleksyon Metriz la ap konpoze de yon tès disètativ, nan yon karaktè eliminatwa ak klasifikasyon, ki gen kontni ki gen rapò ak sijè yo ki nan lis nan Anèks V.

5.3.2 Tès la ap diskisiv epi li pral kouvri sijè ki pèmèt yo evalye konesans, kalite redaksyon, atikilasyon entèpretativ analiz kandida a, osi byen ke aktualizasyon ki gen relasyon ak kontni e kritè Komite Seleksyon an.

5.3.3 Chak tès yo ap fèt pa avalyasyon avèg (blind review) - non kandida a pap identifye pa pwofesè PPGRI.

5.3.4 Y'ap konsidere kandida ki pase pou twazyèm etapa la, kandida ki fè mwayèn egal ou siperyè ak 7.0 (sèt), sou yon echèl ant 0 (zewo) a 10 (dis), avèk yon skò fraksyone

5.3.5 Rezilta a ap anonse nan lòd kwasan nimewo enskripsyon an.

5.3.6 Kritè yo pou faz sa nan Anèks VII la.

5.3.7 Konsènan examen ekri a:

5.3.7.1 Examen ekri a ap fèt nòmalmman atravè sistèm "Inscreva" UNILA a, dapre kwonogram (Anèks I) avi seleksyon sa a, sòti nan 2:00 pm pou rive jiska 6:00 pm (nan orè Brazilya);

5.3.7.2 Y'ap voye lyen pou fè examen an, dapre kwonogram avi piblik la, sèlman bay kandida ki pase nan Premye Faz la;

5.3.7.3 PPGRI rekòmande, sou yon bò, ensèsyon an nan revokasyon kourye a @ unila.edu.br nan lis ki asire expeditè emèl yo e yon lòt kote verifikasyon bwat respasyon, , bwat Spam e Filt emèl. anplis, PPGRI pa responsab pou kandida ki pa resevwa e-mail la ak lyen an pou kapab fè examen an.

5.3.7.4 Kandida a, lè li resevwa lyen an poul kapab fè ezamen ekri a, dwe fèl, nan peryòd ki etabli nan avi sa a, enskripsyon nan Sistèm Inscreva UNILA.

5.3.7.5 Soti nan 2:00 pm (nan lè Brazilya) nan jou ki endike nan kwonogram avi sa a pou dezyèm etap seleksyon an, kandida a ap jwenn aksè nan sistèm Inscreva a poul kapab fè ezamen an.

5.3.7.6 Aprè ou fin antre nan Sistèm Inscreva a, ap gen aksè ak kesyon ke kandida a dwe reponn nan yon dokiman separe epi aprè Upload nan menm Sistèm Inscreva a.





5.3.7.7 Kandida a ap Upload yon sèl dokiman nan fòm PDF, ki gen repons ak kesyon examen ekri a. Chak repons dwe gen yon endikasyon sou kesyon ki koresponn lan. Fichye ki soumèt la pa dwe gen okenn idantifikasyon kandida a, sou pèn diskalifikasyon.

5.3.7.8 A 6:00 pm (nan lè Brazilya) nan jou ki endike nan kwonogram avi sa a pou fini dezyèm etap seleksyon an, Sistèm Inscreva a ap fèmen. Nan sans sa a, se ap dat limit pou kandida a Upload dokiman na PDF la ki gen repons yo pou kesyon yo nan examen ekri a.

5.3.7.9 PPGRI pa responsab pou repons ki pa resewa akòz rezon teknik nan òdinatè, echèk kominikasyon, ankonbreman nan liy kominikasyon an, osi byen ke lòt faktè ki fè li enposib yo transfere dokiman an PDF examen ekri a Sistèm Inscreva UNILA.

5.3.7.9.1 Nan sitiyasyon sa yo, aplikan an dwe kontakte imedyatman Sekretarya PPGRI a pa imèl ([secretaria.ppgri@unila.edu.br](mailto:secretaria.ppgri@unila.edu.br)) lè li voye prèv la nan fòm .pdf bay PPGRI, jiska 6 zè pm ( Lè Brazilya).

#### **5.4 Twazyèm faz: Entèviou Na li-y e Avaliasyon CV**

5.4.1 Y'ap rele pou Entèvyou a, Karant premye kandida ki klasifye yo, konsidere mwayèn sòm total premye ak dezyèm faz la.

5.4.1.1 Nan ka ta gen yon kandida ki fè menm nòt nan evalyasyon an, kritè depataj yo ap obeyi lòd sa a:

- Pi gwo nòt nan pwojè rechèch la;
- Pi gwo nòt nan examen ekri a.
- Si egalite pou kesyon menm kantite nòt la pèsiste, kandida ki gen pi gwo laj la ap klasifye.

5.4.2 Entèvyou a ap reyalize pa Komisyon Seleksyon nan pwosesis selektiv la ak kandida yo ki pase nan dezyèm faz la, pou yon diskisyon eksklizif nan modalite vídeo konferans lan atravè platfòm RNP; Y ap voye yon manyèl pou kapab gen aksè nan platfòm la.

5.4.2.1 Nan ka eksepsyonèl, entèvyou a ka fèt sèlman avèk vwa, san ke sa pap bay evalyasyon na pwoblèm.

5.4.3 Kritè ak nòt yo nan Anèks VIII.

5.4.4 Tout kandida ki seleksyone pou entèvyou na Li-y la, sipoze konfime patisipasyon yo pa emèl [secretaria.ppgri@unila.edu.br](mailto:secretaria.ppgri@unila.edu.br) nan delè ki etabli nan kwonogram avi sa a.

5.4.4.1 Si tout fwa yon kandida ki te seleksyone pou entèvyou a pa konfime patisipasyon li nan entèvyou a, li ap elimine nan pwosesis seleksyon an, epi PPGRI ap rele kandida yo ki nan lis datant la nan lòd klasifikasyon.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

5.4.5 Y'ap bay nòt zewo ak kandida ki pa patisipe nan Videyo Konferans la.

5.4.7 Entèvyou yo ap dire maximòm 20 (ven) minit.

5.4.8 Rezilta a ap anonse an lòd kwasan nimewo enskripsyon an.

## **6. EXAMEN KONPETANS NAN LANG ETRANJÈ**

6.1 Egzamen konpetans lang pa fè pati pwosesis seleksyon an, men li se yon etap obligatwa pou fini kou a dapre règleman pwogram lan.

6.2 konpetans nan yon lang etranje reglemante pa nòm entèn UNILA ak rejiman entèn PPGRI.

## **7. REZILTA SELEKSYON AN**

7.1 Rezilta chak faz seleksyon yo ap pibliye sou sit entènèt PPGRI-UNILA (<https://portal.unila.edu.br/mestre/ppgri>), onglè Pwosesis Seleksyon an, epi posteryèman rezilta final pwosesis seleksyon an ap disponib nan sèvis Bilten Universidade Federal da Integração Latino-Americana (<https://documentos.unila.edu.br/boletim>).

7.2 Rezilta final Pwosesis Seleksyon an ap anonse dapre kwonogram nan.

7.3 Rezilta ak klasifikasyon final pwosesis seleksyon an ap baze nan mwayèn nòt ke komite seleksyon an ap bay pou tout etapa pwosesis seleksyon an. Nòt yo ap sèlman libere nan dènye etap pwosesis seleksyon an.

7.3.1 Nan ka egalite nan evalyasyon kandida yo, kritè pou depataje yo ap baze nan lòd sa a:

- Pi gwo nòt nan pwojè rechèch la;
- Pi gwo nòt nan examen ekri a;
- Pi gwo nòt nan agimantasyon oral;
- Si egalite a pèsiste, kandida ki gen pi gwo laj la ap klasifye.

## **8. ENSKRIPSYON**

8.1 Kandida ki pase nan pwosesis seleksyon an ap konvoke pa Sekretarya PPGRI a pou reyalizasyon enskripsyon yo.

8.2 Pou yon enskripsyon efektiv, kandida seleksyone nan kantite plas yo, sipoze soumèt dokiman sa yo nan Sekretarya a PPGRI:



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

8.2.1 Original ak kopi kat idantite a, oswa paspò, Kat Rejis Nasyonal Migwatwa- CRNM.

8.2.2 Orijinal ak kopi rejis moun fizik - CPF (ekkliziv pou Brezilyen/èn).

8.2.3 Orijinal ak kopi akdenesans , oswa sètifika maryaj.

8.2.5 Sètifika kitasyon Elektoral ( ekkliziv pou brezilyen/èn).

8.2.6 Sètifika anwolman militè (ekkliziv pou brezilyen/èn).

8.2.7 Orijinal ak kopi Diplòm Konklizyon kou siperyè.

8.2.8 Orijinal ak kopi relve nòt etid siperyè.

8.2.9 Pou kandida ki pase nan plas aksyon afimativ yo, deklarasyon an sipoze fèt dapre anèks II.

8.3 Si kandida ki pase yo pa fè enskripsyon an oswa si yo pa prezante dokiman obligatwa yo, yo ap deskalifye e PPGRi ap konvoke kandida ki nan lis datant la nan lòd klasifikasyon an.

## 9. BOUS ETID

9.1 Antre nan pwogram siperyè nan Relasyon Entènasyonal pa vle di, ou gen dwa pou resevwa yon bous etid oswa benefis yo.

9.2 Resevwa bous detid ak avantaj yo pral depann de disponiblite bidjè ak disponiblite ajans e ògan ki konn bay yo.

## 10. REKOU YO

10.1 Ap gen kat moman ke kandida yo pral kapab depoze rekou, jan yo etabli nan kwonogram avi pwosesis seleksyon Pwogram metriz nan Relasyon Entènasyonal yo.

10.2 Nan tout ka entèpozisyon rekou, kandida a dwe voye, nan emèl Sekretarya PPGRi a (secretaria.ppgri@unila.edu.br), entèpozisyon a sipoze fèt pa ekri, nan fòm PDF, itilize fòmèlè ki nan Anèks IX, selon kwonogram nan Anèks II a.

10.3 Rekou yo ap soumèt bay Komite Seleksyon PPGRi dapre pwosedi sa yo:

10.3.1 Prezantasyon dokiman fòmèl la, siyen pa aplikan an, dapre Anèks IX;

10.3.2 Ou dwe ekri yon fason ki klè e presi, pou atire atansyon sou pwèn ou panse yo pa konpli nan avi seleksyon sa a;



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

10.3.3 Sipoze gen yon jistikativ valab pou rezon rekou a;

10.3.4 Endike non an, nimewo kat idantite oswa paspò (pou etranje) ak dat..

10.4 Rekou yo ap jije pa komite seleksyon an.

10.5 Rezilta rekou yo ap disponib pou tout kandida yo pa emèl.

## **11 KOMITE SELEKSYON**

11.1 Komite seleksyon an ap fòme pa pwofesè PPGRI yo epi yo ap pibliye atravè dekrè enstitisyonèl, ki pibliye nan bilten sèvis UNILA a e ki disponib sou paj PPGRI-UNILA a, ansanm ak lòt dokiman yo ki gen rapò ak pwosesis seleksyon an.

## **12. DISPOZISYON FINAL**

12.1 Aktivite ansèyman ak rechèch e ekstansyon nan PPGRI-UNILA kapab fèt an Pòtigè ou Panyòl.

12.2 Aktivite ansèyman, rechèch ak ekstansyon PPGRI-UNILA ka fèt nan peryòd maten, apremidi ou aswè.

12.3 Ansèyman ak rechèch epi ekstansyon PPGRI-UNILA kapab fèt an fòma distans, nan karaktè eksepsyonèl, depi ke dirasyon senaryo sispansyon aktivite prezansyèl UNILA a kontinye, akòz senaryo epidemyolojik Covid-19.

12.4 Enskripsyon kandida a, enplike konesans e akseptasyon règleman ak kondisyon yo ki etabli nan avi sa a, nan sans sa yo pap aksepte akizasyon nan inyorans.

12.5 Elaborasyon ak ekzekisyon avi piblik sa a nan tout etap li yo se konpetans PPGRI ak komite seleksyon an etabli pou objektif sa a.

12.6 Ka omisyon yo ap analize pa komite seleksyon PPGRI-UNILA ansanm ak Kowòdinasyon Pwogram la ak enstans inivèsite a ki enpòtan.

12.7 Si tout fwa gen divèjans nan entèpretasyon ant diferan tradiksyon nan avi sa, komite seleksyon an ap bazel sou avi ki nan lang pòtigè a pou deliberasyon li yo.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

Lucas Ribeiro Mesquita  
Coordenador  
Programa de Pós-Graduação em Relações Internacionais



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## ANÊKS I KWONOGRAM

### ANÊKS - KWONOGRAM

ENSKRIPSYON	
Peryòd Enskripsyon	01 oktòb a 25 oktòb 2020
Piblikasyon Enskripsyon yo	27 oktòb 2020
Entèpozisyon pou rekou fas a Piblikasyon enskripsyon yo	28 e 29 oktòb 2020
Rezilta avalyasyon rekou yo	30 oktòb 2020
Apwobasyon Enskripsyon yo	30 oktòb 2020
PWEMYE FAZ: ANALIZ PWOJÈ RECHÈCH	
Premye faz: analiz pwojè rechèch la	31 de oktòb a 10 de novanm 2020
Piblikasyon rezilta pwovizwa premye Faz	11 novanm 2020
Demand pou verifikasyon e entèpozisyon rekou fas a rezilta pwovizwa premye Faz la	12 a 13 novanm 2020
Rezilta evalyasyon rekou yo	16 novanm 2020
Apwobasyon e piblikasyon rezilta premye faz la	16 novanb 2020
Y'ap voye lyen enskripsyon Kandida ki pase yo pou Ezamen Ekri a nan sistèm Inscreeva	16 novanm 2020
DEZYÈM FAZ: EXAMEN EKRI AN LI-Y	
Enskripsyon Kandida yo nan sistèm Inscreeva	17 e 18 novanm 2020
Dezyèm Faz: Ezamen Ekri a nan sistèm Inscreeva	19 novanb 2020 ( 14:00 zè jiska 18:00 zè, nan orè Brazilya)



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

Piblikasyon rezilta pwovizwa dezyèm Etap la	01 desanm 2020
Demand pou verifikasyon ak entèpozisyon rekou fas a rezilta pwovizwa dezyèm Etap la atravè emèl nan fòmilè inik	02 e 03 desanm 2020
Rezilta evalyasyon rekou dezyèm Etap la	04 de desanm 2020
Apwobasyon e piblikasyon rezilta dezyèm Etap la	04 desanm 2020
<b>TWAZYÈM FAZ : ENTÈVYOU AN LI-Y AK ANALIZ CV</b>	
Piblikasyon kwonogram ak orè Entèvyou yo	04 desanm 2020
Kandida a sipoze konfime dat entèvyou pal la	07 e 08 desanm 2020 (jiska 23:59 zè, nan orè Brazilya)
Twazyèm Faz: Entèvyou ak Kandida yo	09, 10 e 11 desanm 2020 (orè brazilya)
Piblikasyon pwovizwa twazyèm Etap la	14 de dezembro de 2020
Demand pou verifikasyon e entèpozisyon rekou fas a rezilta pwovizwa twazyèm Etap atravè emèl nan fòmilè inik twazyèm	15 e 17 desanm 2020 (jiska 23:59 zè nan orè brazilya)
Rezilta evalyasyon rekou twazyèm Etap la	18 desanm 2020
Apwobasyon e piblikasyon rezilta final la	18 de desanm 2020
Y'ap voye lèt aseptasyon pou etranje ki pase yo	Apati 18 desanm 2020
Enskripsyon	An konfòmite ak kwonogram akademik la
Kòmansman kou yo	An konfòmite ak kwonogram akademik la



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## ANÊKS II

### OTODEKLARASYON CIVIL – PLAS AKSÈ AFIMATIV

Mwen \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_, titilè RG/RNE/DNI/Paspò n° \_\_\_\_\_, **MWEN DEKLARE**, pou  
enskripsyon nan plas aksè afimativ nan prosesis seleksyon 2020 pou Metriz nan  
Relasyon Entènasyonal nan Universidade Federal da Integração Latino-Americana  
(UNILA), anba plim lwa, ke mwen se:

- ( ) Nwa ou klè
- ( ) Indijèn
- ( ) Titilè viza imanité ou refijye

Kòm sa a li vrè, mwen siyen prezan sa a.

Foz do Iguaçu, \_\_\_\_ mwa \_\_\_\_\_ nan ane 2020

---

SIYATI





MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

### ANÈKS III DEKLARASYON POU APLIKAN /KANDIDA AK KOMINOTE INDIJÈN SIYEN PA LIDERANS YO

Nou menm, liderans \_\_\_\_\_,  
deklare ke Kandida \_\_\_\_\_, apatyen e  
abite ak pèp nou yo, konnen koutim nou yo e respekte tradisyon ak kilti nou yo. Nou  
deklare tou ke kandida non endijèn lan  
\_\_\_\_\_, Enskri nan proses  
seleksyon pou Program Metriz nan Relasyon Entènasyonal nan Universidade Federal  
da Integração Latino-Americana – UNILA, pou ane skolè 2020, gen lyen e rete avèk  
pèp nou yo/etni/kominote.

Liderans 1

Siyati: \_\_\_\_\_

Non Lijib: \_\_\_\_\_

Dokiman Idantifikasyon: \_\_\_\_\_

N°: \_\_\_\_\_

Liderans 2

Siyati: \_\_\_\_\_

Non lijb: \_\_\_\_\_

Dokiman Idantifikasyon: \_\_\_\_\_

N°: \_\_\_\_\_

Liderans 3

Siyati: \_\_\_\_\_

Non Lijib: \_\_\_\_\_

Dokiman Idantifikasyon: \_\_\_\_\_

N°: \_\_\_\_\_

Deklarasyon sa a ap valab sèlman sil akonpanye avèk kopi dokiman idantite lidèchip yo  
selon avi piblik la.

\_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, 2020.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## **ANÈKS IV BIBLIYOGRAFI BAZIK POU EXAMEN EKRI AN LI-Y**

ASHLEY, Richard K. Untying the sovereign state: a double reading of the anarchy problematique. Millennium, v. 17, n. 2, p. 227-262, 1988.

ASTARITA, Rolando (2006). Valor, mercado mundial y globalización, Buenos Aires, Kaicron. Cap. 5, 6 e 8.

BULL, H. (2002). A sociedade anárquica: um estudo da ordem política mundial. Editora Universidade de Brasília. Capítulos 1, 2, 3 e 4

COX, W. R., & SINCLAIR, J. T. (1996). Approaches to World Order (Cambridge Studies in International Relations). Cap 6 e 7.

DARBY, Phillip (2004) "Pursuing the Political: A Postcolonial Rethinking of International Relations" Millennium - Journal of International Studies. 33 (1), 1-32.

FERNÁNDEZ, Paula Daniela; ROMERO WIMER, Fernando Gabriel. Relaciones China-América Central: el caso de Nicaragua y el proyecto del canal interoceánico. Conjuntura Austral, Porto Alegre, RS, v. 9, n. 46, p. 83-99, ago. 2018.

HALLIDAY, F. (2007). Repensando as relações internacionais. UFRGS Ed. Capítulos 3 e 4.

KEOHANE, Robert O.; NYE, Joseph S. Power and interdependence. 1977. Longman Classics in Political Science. Capítulo 1

SANTOS, Theotônio dos (2000) A Teoria da Dependência: Balanço e Perspectivas. Rio de Janeiro: Civilização Brasileira; Capítulos 1 a 4.

TICKNER, J. A. (1997). You just don't understand: troubled engagements between feminists and IR theorists. International Studies Quarterly, 41(4), 611-632.

TRASPADINI, Roberta. Questão agrária e América Latina: breves aportes para um debate urgente. Rev. Direito Práx. [online]. 2018, vol.9, n.3

WALLERSTEIN, Immanuel (2004) World-Systems Analysis - An Introduction. Durham and London: Duke University Press; Capítulos 1 e 2.

WALTZ, Kenneth (2002) Teoria das Relações Internacionais. Lisboa: Gradiva; Capítulos 1 e 5



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

WENDT, Alexander. Social theory of international politics. Cambridge University Press, 1999. Cap 1, 4 e 6



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## **ANÊKS V**

### **Kritè Evalyasyon Projè Rechèch la**

1. Konsepsyon pwojè a: prezantasyon konsèp yo itilize, delimitasyon objektif la ak pwoblèm rechèch la, klè nan ipotèz la, pètinans jistifikasyon teworik e anpirik e operasyonalizasyon teworik, metodolojik ak done yo epi baz anpirik itilize yo; anplis de viyabilite pou ekzekisyon e konkli rechèch la nan redaksyon final la nan dat limit la. (Maksimòm nòt: 2.0 pwen).
2. Abilite pou atikile tewori, metòd ak done yo pwopoze pou analiz nan pwojè a. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
3. Domèn ak pètinans revizyon bibliyografik lan. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
4. Koyezyon nan tèks la ak kapasite atikilasyon devlopman agiman devlope (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
5. Potansyèl ensèsyon nan liy rechèch pwopoze a ak gwoup rechèch PPGRI yo. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).

Nòt Maksimòm Pwojè a: 10,0 pwen.



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## **ANÊKS VI KRTÈ POU EVALYASYON EXAMEN EKRI A**

1. Kapasite pou atikile ant diferan apwòch teyorik ki prezan nan bibliyografi endike a. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,5 pwen).
  2. Abilite pou entèprete apwòch teyorik yo. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,5 pwen).
  3. Redaksyon klè ak objektif nan manipilasyon konsèp fondamantal yo ak prezantasyon tèz nan literati a. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,5 pwen).
  4. Sistematizasyon agiman ki kapab etabli dyalòg ak apwòch ki prezante nan literati a. (Ponktwasyon Maksimòm: 2,5 pwen).
- (Ponktwasyon Maksimòm pou examen ekri a: 10,0 pwen).



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## **ANÊKS VII**

### **Kritè pou Evalyasyon Entèvyou an Li-y**

1. Kapasite pou atikile konsèp, metòd ak teyori nan liy rechèch kandida a; (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
2. Kapasite pou demontre posibilite rechèch pwopoze a; (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
3. Enpòtans tèm nan ak pwopozisyon rechèch la sou liy rechèch previ a; (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
4. Defans nan nenpòt kesyon ke Komite Seleksyon an pral poze kandida a nan yon fason ki klè e kout; (Ponktwasyon Maksimòm: 2,0 pwen).
5. Demonstrasyon nan ensèsyon nan karyè akademik ak angajman nan rechèch anonse a, anplis disponiblite pou patisipe nan aktivite Pwogram lan. (Ponktwasyon Maksimòm : 2,0 pwen).

(Ponktwasyon Maksimòm pou entèvyou an: 10,0 pwen).



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## ANÊKS VIII

### Fòmilè pou Rekou

Mwen, \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_, Kandidaa pou prosis seleksyon etidjan regilye 2020 pou Metriz nan Relasyon Entènasyonal, idantifye nan dokiman RG/RNE/DNI/Paspò n° \_\_\_\_\_ Mwen mande pou yo evalye rekou sa a:

**Motiv rekou ya (ekri o sou pwèn avi a kew konside yo pa konpli)**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Jistifikasyon Rezonab (eksplike tout rezon ki fè ou panse ke sou pwèn an pa konpli )**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

**Solisitasyon (ki baze sou jistifikasyon ki anwo a, soumèt sa ou panse yo dwe rekonsidere a)**



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

Dat ak Lokal

---

Siyati Kandida a

**Obsèvasyon:** si tout fwa ou twouvel nesesè, kandida a kapab disète plis ke kantite liy yo bay nan fòm sa a, epitou li ka atache nenpòt lòt dokiman kel konsidere kòm enpòtan.





MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

## ANÈKS IX

### Liy rechèch yo ak tèm oryantasyon pwofesè yo

<b>Ligne 1: Etid pou Lapè, Dwa Moun ak Sekirite Entènasyonal</b>	
<b>Pwofesè</b>	<b>Tèm yo</b>
Prof. Dr. Jayme Benvenuto (lattes.cnpq.br/1003184503012396_	- Pwoteksyon entènasyonal sou dwa moun; -Politik etranjè Amerik Latin; -Fwontyè Latèn-ameriken yo; -Teyori nan Relasyon Entènasyonal yo; -Dwa entènasyonal
Prof. Dr. Gustavo Oliveira Vieira (lattes.cnpq.br/4394697909393247)	- Dwa Entènasyonal; -Dezameman imanità; -Dwa moun; -Paradiplomasi pou entegrasyon (Trans) fwontyè; - Sosyete sivil global
Prof. Dr. Mamadou Alpha (lattes.cnpq.br/6066732748723665)	- Sekirite/ Lagè ak konfli; - Tèm relasyon ak Afrik nan Politik Entènasyonal; -Fwontyè e Relasyon Entènasyonal yo; -Tèm ki gen rapò ak relasyon entènasyonal nan Mwayen Oryan; -Migrasyon entènasyonal;
Prof. Dr. Ramon Blanco (lattes.cnpq.br/9387995873589341)	-Etid pou Lapè; - Etid kritik sou sekirite entènasyonal; - Operasyon Lapè ak Pwosesis Rekonstriksyon apre Gè; - Apwòch teyorik kritik nan Relasyon Entènasyonal yo; -Diferans ak Alterite nan Relasyon Entènasyonal yo.

<b>Linha 2: Devlopman ak Kapital Transnasyonal</b>	
<b>Pwofesè</b>	<b>Tèm yo</b>
Prof. Dr. Fernando Romero (lattes.cnpq.br/6287093849826695)	-Relasyon Ekonomik yo Asi-Amerik Latin; -Globalizasyon, transnasyonalizasyon de Kapital, imperialis e depandans; -Blòk Rejional yo e Entegrasyon nan Amerik Latin e Karayib ; - Kapital finansye, koperasyon entènasyonal ak politik devlopman; - Transnasyonalizasyon, Kesyon agrè ak transfòmasyon agro-endistriyèl yo;
Profa. Dra. Paula Fernandez (lattes.cnpq.br/8091331358952481)	-Relasyon Ekonomik Entènasyonal yo; -Relasyon yo Amerik Latin – Etazini, Chin e Lawisi. - Globalizasyon, transnasyonalizasyon de Kapital, imperialis e depandans; -Integrasyon rejional nan Amerik- Latin e Karayib; -Extratris e Ekoloji Politik.
Prof. Dr. Roberta Traspadini (lattes.cnpq.br/1700880805244423)	- Devlopman ak depandans nan Amerik Latin nan; - Mouvman sosyal yo ak istwa rezistans nan Amerik Latin; - Enperyalis, depandans ak kesyon agrè nan Amerik



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS

	Latin; - Fòmasyon sosyo-istorik Amerik Latin ;  - Panse sosyal ak kritike ekonomi politik Amerik Latin
--	---

<b>Ligne 3: Politik Etranjè, Aktè ak Pwosesis Entènasyonal yo</b>	
<b>Pwofesè</b>	<b>Tèm yo</b>
Prof. Dra. Ana Carolina Teixeira ( <a href="mailto:lattes.cnpq.br/6500382542391226">lattes.cnpq.br/6500382542391226</a> )	-Teyori Relasyon Entènasyonal (pòs kolonyalis, dekolonyalis, pòs-estriktiralis ak feminis, an patikilye)- Mouvman sosyal ak sosyete sivil global - Pliralis ontolojik/ ontoloji politik -Genre - Pèp orijanal/ endijèn
Prof. Dra. Karen dos Santos Honório ( <a href="http://lattes.cnpq.br/3527544709028215">http://lattes.cnpq.br/3527544709028215</a> )	- Analiz politik etranjè - Politik etranjè Brezilyen - Rejyonalis ak Entegrasyon Rejyonal, Teyori nan Entegrasyon Rejyonal yo - Apwòch Maksis ak neo-Maksis nan RI - Politik ak entegrasyon nan Amerik di Sid - Analiz politik etranjè Amerik Latin ; - Rejim politik ak politik etranje; - Diplomasi dijital; - Enstitisyon Politik ak Entegrasyon Rejyonal;
Prof. Dr. Lucas Mesquita ( <a href="mailto:lattes.cnpq.br/3728260462635206">lattes.cnpq.br/3728260462635206</a> )	-Analiz Politik Etranje Amerik-Latin ; -Patisipasyon e Demokrasi nan Politik Etranje; - Diplomasi Dijital; -Pwosesis Desizwa nan Politik Etranje e Entegrasyon Rejyonal; - Enstitisyon Politik yo e Entegrasyon Rejyonal;
Prof. Dr. Marcelino Teixeira ( <a href="mailto:lattes.cnpq.br/1503616783270678">lattes.cnpq.br/1503616783270678</a> )	- Resyon Bilateral Yo Brezil-Paragwe ; - Resyon Bilateral Yo Ajantin-Paragwe; -Politik Etranje: Pwosesis nan exzekitif e Lejislatif; -Politik Etranje tankou Politik Piblik; -Pèspektiv Quantitativ nan Etid Relasyon Entènasyonal Yo.
Prof. Dr. Micael Alvino ( <a href="mailto:lattes.cnpq.br/2675257975456499">lattes.cnpq.br/2675257975456499</a> )	-Ensèsyon Triple Fontyè nan Ajanda Sekirite Entènasyonal; - Politik Etranje Amerik-Latin an Relasyon ak Teworis Entènasyonal; -Relasyon entènasyonal yo ant Ajantin, Brezil, Paragwe e Etazini; -Kriminalite Transnasyonal nan chan Triple Fontyè (Ajantin, Brezil e Paragwe); - Laprès e Opinyon Piblik an relasyon ak Teworis nan Amerik di sid



MINISTÉRIO DA EDUCAÇÃO  
UNIVERSIDADE FEDERAL DA INTEGRAÇÃO LATINO-AMERICANA  
PRÓ-REITORIA DE PESQUISA E PÓS-GRADUAÇÃO  
PROGRAMA DE PÓS-GRADUAÇÃO EM RELAÇÕES INTERNACIONAIS